Хэкум и хъумакIуэхэм я фэеплъ пхъэбгъуэхэр

2-нэ нап.

Гупсысэ гъэщIэгъуэнхэр къыхалъхьэ

3-нэ нап.

ТекIуэныгъэ инхэм я лIыхъужьхэр

4-нэ нап.

Дыщогуфыкl икIи дрогушхуэ

4-нэ нап.

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

АДЫГСКОЕ СЛОВО

№16 (24.922) ● 2026 гъэм мазаем (февралым) и 11, бэрэжьей ● Тхьэмахуэм щэ къыдокI ● И уасэр зы тумэнщ

«Си лъахэ - Къэбэрдей-Балъкъэр» фестивалым

КъБР-м и Музыкэ къэрал театрым мазаем и 8-м щекIуэкIащ «Си лъахэ - Къэбэрдей-Балъкъэр» республикэ фестиваль-еплъыныгъэр зэрызэхущIыкI концертыр. Ар траухуащ Урысейм щыпсэу лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэм и илъэсым.

Урысейм ис лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэм и илъэс

IУЭХУЩIапIэм и пэIущIэ пэшым щагъэуват фестивалым хэт гупхэм я лэжьыгъэхэмрэ екъуIэныгъэхэмрэ ятеухуэ гъэлъэгъуэныгъэ. Концертым къекIуэлIахэр абдежым лъэпкъ макъамэкIэ щрагъэблагъэрт.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и къалэхэмрэ районхэмрэ я уэрэджыкIуэ, къэфакIуэ гуп щэ бжыгъэхэр фестивалым и иужьрей IыхьэмщыкIуэсащ, республикэм и щэнхабзэ хъугъэфIыгъуэхэр, лъэпкъ фэильхьэгъуэхэр ягъэлъэгъуэн папщIэ.

- ЦIыхубэ творчествэм и махуэшхуэм хэтхэмрэ абы къекIуэлIахэмрэ фIэхъус гуапэ фызох! Щэнхабзэмрэ гъэзэжьэмрэ я дахагъэм ныбжьыщIэхэмрэ щIалэгъуалэмрэ зэрыдахьэхыам, театреплъэкIэм я пащхьэм я зэфIэкIэр зэрыщагъэпсэгъуэм удахьэх, - жиIащ КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министр Къумахуэ Мухьадин пшыхьыр къыщыкIуэцIыхым. - Фестивалым хэта дэтхэнэри текIуэуэ къыдолъытэ, щIыналъэм щыпсэухэм я гур зэрыхэвгъэхъуэм, щэнхабзэ хъугъэфIыгъуэхэр утыкум зэрыщывгъэлъагъуэм папщIэ!

Министрым фестивалым и бухлетхэмрэ щIыхь тхылъхэмрэ яритыжащ Бахъсэн, Дзэлыкъуэ, Пэскэн, Май, Прохладнэ, Тэрч, Аруан, Шэджэм, Шэрэдж, Iуащхьмахуэ щIыналъэхэм, Бахъсэн, Налшык, Прохладнэ къалэхэм щыщу зэфIэкI зиIэ гупхэм. Ансамблхэм зэрыхуэупсэ дамыгъэхэр я щIыхьэтщ ахэр гъуэгджэм зэрыхуэпэжым, я зэфIэкIым зэрыхагъэхъуэм, республикэм и цIыхубэ щэнхабзэр хъумэнымрэ абы зегъэужьыным хэлъхьэныгъэ зэрыхуащIым.

Пшыхьым гукъинэжу зыкъыщагъэлъэгъуащ фестивалым и кIэух концертыр зыгъэдэха артистхэм. Ар и щIыхьэтт лъэпкъ хабзэхэр хъумэным, ахэр щIэблэм я дэж нэхъсыным мыхьэнэшхуэ зэраIэм, цIыхубэм я зэкъуэтыныгъэр зэрагъэбыдэм, щIыналъэм исхэм я щэнхабзэм зэрыригушхуэм.

ТЕКIУЭЖЬ Заретэ.
Сурэтыр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

Ди къуэш республикэхэм

Тхьдэ музейм

АДЫГЕЙ. **Красногвардейскэ районым и Хьэткъуей къуажэм республикэм щэнхабзэмкIэ и министр Аутлъэ Юрэ щыIащ икIи зыщциплъыхьащ Гъуазджэмкlэ сабий школ №22-р мы гъэм къыщыдзыIэхьыну унэм.**

КЪЫКIэПЪЫКIУЭУ, районым и Iэтащхьэ Гъубжокъуэ Тимур щыIэуу щыIащ Красногвардейскэм дэт Щэнхабзэ-еджапIэ центрым. Абы хэтщ къуажэхэм я щIыналъэ библиотекэгъэ тхыдэ - щIыналъэр джыным-кIэ музейрэ.

- Iуэхущапlэщlэхэр иджырей зэманым и мардэхэм сыт и лъэныкъуэкIи йозагъэ: музейм иIэщ фонд хъумапIэ, архив пэщхэмрэ гъэлъэгъуэныгъэ залхэмрэ, библиотекэхэм тхылъ щеджэну, щызэпсэльэну иджырей пэш сыт и лъэныкъуэкIи екIуэкIэ хэтщ, - дыкъыщоджэ Аутлъэм итхам.

Мыпхуэдэ хэщIапIэ яуэуэныр къайхъулIащ къуажэхэм сыт и лъэныкъуэкIи зегъэужьыным ехьэлIа къэрал программэм ипкъ иткIэ.

Дзэ Iуэху хэхам хохьэ

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. **Республикэм промышленностымрэ энергетикэмкIэ и министрым и къуэдзэ ЛIыс Арсен гупыж ищIащ дзэ Iэху хэхам хыхьэну.**

АБы Iэ щIидзащ «Домбай» къудамэм къулыкъу щищIэну икIи мыгувэу дзэ Iуэху хэхар щекIуэкI щыпIэм кIуэнущ. Езым и Iуэху еплъыкIэр къыдэзыIыгъэм ящIыгуу, СВО-р къыздэкIуэжьу, Лlысым къызэригъэпэщащ Z.O.V. КЧР гупыр. Абы республикэм и Iэтащхьэ Темрезов Рашид и деж щыIэ, Дзэ къулыкъущIэхэмрэ абыхэм я унагъуэхэм щыщхэмрэ зэщIэгъэкъуэныкIэ зыуэ щыт штабым и лэжьыгъэм хыхьэу, фронтым дэIепыкъуныгъэ пщIы бжыгъэкэр иригъэщащ.

Арсен и Iуэху щхьэпэхэм пищащ промышленностымрэ энергетикэмкIэ и министрым и къуэдзэ къулыкъум пэрыту. Зэрыжиlащи, езыр мызэ-мытIэу кIуащ СВО-р щекIуэкI щIыпIэхэм, къалэныр езыхьэкIэр зыхуеинухэр яIэрыхьэныр зэтеублауэ екIуэкIын папщIэ.

Абхъаз мимозэхэр

АБХЪАЗ. **Урысейм къэсащ республикэм и мимозэхэр. Ахэр щIыналъэм къишэныр яублащ блэкIа тхьэмахуэ зэхуакум и кIэм. Гъатхэ удз гъэгъахэщ къагъэсащ килограмми 120-рэ, - къет Сочэ къалэм и таможнэм и пресс-Iуэхущапlэм.**

ММИМОЗЭР гъатхэпэм и 8-м ехьэлIауэ къалъытэ. Абхъазым кърашыурэ урысей щIыналъэхэм а удз лIэужьыгъуэр къагъэсынущ махуэшхуэм и пэ кIуихуэу - мазаем и кIэхэм.

Нэгъабэ Урысейм щащэну абхъаз мимозэу тонн 40-м щIигъу къаутIыпщат.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

● Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIыналъэхэм

Жылпхъэщlэхэм хуокIуэ

Бахъсэн районым и администрацэм и Iэтащхьэ Абрэдж Адиб къуажэхэм я Iэтащхьэхэм зи чэзу зэIущIэ ядригъэкIуэкIащ муниципальнэ управленэм и лэжьэкIэр егъэфIэкIуэным теухуауэ. Абы Iуэхугъуэ куэдым я гугъу щащIащ: къулыкъущIэхэм я къалэнхэм къыщыщIэдзауэ цIыхухэм я щIэкIэпсэукIэр ефэкIуэнымкIэ мыхьэнэ зиIэ Iуэхухэр зэрагъэзащIэм кIэлъыплъыныр щIэгъэхуэбжьэным щыщIэкIыжу.

ЗэIущIэр щекIуэкIым гулъытэ хэха хуащIащ псэупIэ-коммунальнэ Iэнатlэм ехьэлIа Iуэхугъэм. Куууэ тепсэлъыхьащ жылагъуэр псынкIэ къызэрагъэпэщынымкIэ зэхэлъа Iуэхугъэхэм я лъэныкъуэкIэ я Iуэху зыгъэтетым. Iэтащхьэхэм къалэн щащIащ щIыпIэхэр щIэх-щIэхыуэ гъэкъэбзэныр къызэрагъэпэщыну, инженер сетхэм я лэжьэкIэм къыхэзыхь ныкъуасныгъэхэр и чэзум зэрагъэзэхуэжыну.

КъулыкъущIэхэр нэхъыщIхьэу зытепсэлъыхьахэм ящыщы дзэ Iуэху хэхам хэтхэм я унагъуэхэм зэрадэлажьэр. Администрацэм и Iэтащхьэм жиIащ абыхэм ядэлэпыкъун, дэтхэнэм и гуныкъуэгъуэхэри гъэзэкIуэжьын зэрыхуейр. А Iуэхугъэ псом япэ иригъэщу зэрыщытыпхъэр зэIущIэм къыщыхагъэщащ.

Абрэджым жиIащ район, къуажэ администрацэхэр нэхъ уб гъауэ икIи псынщIэу зэрызэдэлажьэну жыпхъэщIэхэм зэрыхуейр. Зи гугъу ящIа пщэрыпъ псорэм, зэрагъэзащIэмрэ жылагъуэхэм я Iэтащхьэхэм иджыпсту ирагъэкIуэкI лэжьыгъэхэмрэ зэпымыууэ езыр зэрыкIэлъыплъынур къыхихигъэщащ абы.

Гулъытэм къызэщIиубыдэр

Бахъсэн къалэ округым щекIуэкIащ дзэм, зэхэуэ гуащIэхэм хэта ветеранхэм, дзэ къулыкъум къыхэкIыжахэм, дзэ Iуэху хэхам хэтхэм лэжьапIэ Iэнатlэ къахуэзгъэпэщыныр зи пщэрылъ гупым и зэIущIэ.

Зэхыхьэр къызэрагъэпэщащ дзэ къулыкъур зэфIэзыгъэкIахэм, мамыр гъащIэм Iэщlагъэрэ Iэнатlэрэ къыщызылъыхъуэхэм ядэлэпыкъуныкIэ хэкIыпIэхэр щызэпкърахыну.

ЗэIущIэр кърагъэблэгъат, Бахъсэн дэт Iуэхущапlэхэм я лIыкIуэхэр. Абыхэм ветеранхэр щагъэгъэзащIащ къалэ округым щыIэ Iэнатlэхэр зыхуэдэм. Къызэхуэсахэр телъэпсэльыхащ Iэнатlэу щыIэхэр зыхуэдэхэм, нэгъуэщIхэми. ЗэIущIэм хэтащ Бахъсэн къалэ округым и администрацэм и лIыкIуэхэр, «Хэкум и хъумакIуэхэр» къэрал фондым и Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIэ къудамэм и социальнэ координатор Нэгъуей Марьянэ. Бзылъхугъэм къыхигъэщащ: «Ди къалэн нэхъыщхьэр лэжьыгъэм теуауа хъыбар едгъэщIэн къудейкъым, атIэ мамыр гъащIэм нэхъ тынчыу щIалэхэр зэрыхэзгъэзэкъынымкIэ дадэлэпыкъунырщ. Дэтхэнэ ветеранми зэфIэкI телъыджэ, щэн зэтеубыда, Iэнатlэхэм щIэупщIэ щызиIэ зэфIэкI хъарзынэхэр яб-гъэдэлъщ. Фондыр хъэзырщ зыкъыхэзыгъэза зауэлIым чэнджэщым къыщыщIэдзауэ, ар лэжьапIэ уваыу и нэIэ тригъэтыну».

И пIалъэм зэфIагъэкIынущ

Тэрч районым и администрацэм лэжьыгъэ тхьэмахуэр яублащ мы гъэм япэ игъэщIипхъэ къалэнхэр зэрызыхуныкIэ. Абыхэм пыухыкIауэ къыщеуцIащ районым и Iэтащхьэ Хъущт Аслъэнбий.

ЩХЬЭХУЭУ укъытеувыIэмэ, къулыкъущIэхэм ягъэбелджылауэ гъуэ нэхъыщIхьэм ящыщщ Лермонтовым и уэрамыр къызыхуэтыншэу зэгъэпэщыжыныр, «ПIэкIэм папщIэ зэIуэпэщыныгъэ» лъэпкъ проектым игъэкIэ, Тэрч къалэм и Линейнэ уэрамым тет жылагъуэ зэхуэсыпIэр зэIуэпэщ щIыныр, «ЩIалэгъуалэмрэ сабийхэмрэ» лъэпкъ проектым хиубыдэу Тамбовскэ, Новая Балкария къуажэхэм дэт eджапIэхэр, Тэрч къалэм и курыт №4-р зыхуей хэзгъэзэкIын, «Унагъуэ» лъэпкъ проектым хыхьэу, курыт еджапIэ №3-м епха «Маданэ» сабий гъэсапIэр къэгъэIэрэщIыныр.

Нэгъуэщ Iуэхугъуэхэми я гугъу щащIым, Iуэхущапlэхэм епхауэ хъэзыр ящIа дэфтэрхэм хэплъащ, ныкъусаныгъэхэр зэрагъэзэхуэжащ, лэжьыгъэхэр щызэфIэкIын хуей пIалъэр ягъэнэIуащ, Iуэхум къыхэкIынкIэ хъуну гугъуехьхэр и чэзум гъэзэкIуэжьыным хузэкъэзыру зэрыщытыпхъэри жаIащ. Проект къэс ар унафэ къэщтэным къыщыщIэдзауэ лэжьыгъэхэр и кIэм нэсу зэфIэкIыху зи нэIэ щIэтыну Iэщlагъэлъэкмкlэ зэгурыIуащ къулыкъущIэхэр.

Къищынэмыщlауэ зэIущIэм щыхэпlащ Гагариным и уэрамым тет фэтэр куэду зэхэт унэм и щытыкIэм, щIэхэм зэрызэкъуэкIынымкIэ хэлъа Iуэхугъэхэр. ЖКХ-м и управленэмрэ Тэрч къалэ администрацэмрэ пщэрылъ щащIащ цIыхухэм къалэт Iуэхухэм я хэкIыпIэр къагъэуэту, унэр зэгъэпэщыжыныкIэ мураду зыхуагъэувыжа лэжьыгъэхэм зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэну. Апхуэдэуи хэплъащ IЦIалэгъуалэ центрыр Iэмэпсымэхэмкlэ, техникэ и лъэныкъуэкIэ къызэгъэпэщыным, рекламэ къызытещ Iуплъапlэхэр гъэувыным, нэгъуэщIхэми.

КЪЭБАРТ Мирэ.

Налшык и уэрам Iэхуитлъэхуитхэр

Налшык и уэрамхэмрэ абыхэм къедза щIыпIэхэмрэ илъэс, мазищ къэс зэIуэпэщ щIыным ехьэлIауэ лажьэ программэм ипкъ иткIэ лэжьыгъэшхуэ къалащхьэм щрагъэкIуэкIынущ мы гъэм.

КУМБЛЪЭМБХЭР ягъэбыдэкIэ зэфIэмыкIыу, уэрамхэр къызыхуэтыншэу зэрагъэпэщыкIынущ: езы уэрамхэм я мызакъуэу унэ пщIантIэхэми, бжэIупхэми асфальтыщIэ щытралъхьэнущ, уэздыгъэхэр щыпадзэнущ, коммуникацэхэр щызэрахъуэкIынущ.

Программэр адрейхэм къаззрыщхьэщыкIыр лэжьыгъэр щекIуэкIыну щIыпIэм и район е хьэблэ псор зэуэ къыззрызэщIрагъэубыдэнурщ.

Псалъэм папщIэ, Кэнжэ къуажэм и уэрамэу 9-м, псори зэхэту километр 16 я кIыхьагъэшу, асфальтыщIэ зэуэ тралъхьэнущ. Къалэм и «Горнэ» хьэблэм Кировым, Головком, Къэрэшейм, Шортэным я цIэхэр зезыхьэ уэрамхэм къызэщIаубыдэ хьэблэр зэIуэпэщ ящIынущ. Абыхэм псоми зэхэту километри 5-м нэблагъэ я кIыхьагъщ

«Стрелка» хьэблэм щрагъэкIуэкIыну лэжьыгъэхэр Iыхьитlу гуэшауэ щытынущ. Япэр, щимэ къагъэхъуу, Идарым, Калининым, Суворовым я цIэхэр зезыхьэ уэрамхэмрэ абыхэм я зэхуакум дэт уэрамэу 8-мрэ зыхуей хуагъэзэнущ. Етlуанэ Iыхьэм хиубыдэнущ Мэлбахъэум, Крыловым, Калюжнэм я цIэхэр зезыхьэ уэрамхэмрэ абыхэм къапыщIа уэрамэу 13-мрэ, псоми зэхэту километри 5-м нэблагъэ я кIыхьагъэщ.

Хьэсэней къуажэм и уэрамипл: Киевскэр, Летняр, Врецкэм, Тогуазевым я цIэхэр зезыхьэхэр, зыхуей хуагъэзэнущ.

Гулъытэ щхьэхуэ хуащIынущ къалэ транспортымкIэ къэзыкIухэми: нэгъабэ къызыхуэтыншэу зэрагъэпэщыжа Къэбэрдейм, Осетинскэ уэрамхэм иджырей автопавильонхэр щагъэувынущ, ахэр здыхуримыкIыу щIыпIэхэм дэж.

Программэр хуэунэтIащ Налшык и къалэ щыIэкIэрэ гъэзэгу инфраструктурэмрэ егъэфIэкIуэным, цIыхухэм я тыншыпIэмрэ шынагъэншагъэмрэ къэзгъэпэщынымкIэ, щIыжалащ КъБР-м Транспортымрэ гъэзэгу хозяйствэмкIэ и министерствэм.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

«Адыгэ псалъэр» къезыгъэхьэхэм папщIэ

2026 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм щIэджыкIакIуэхэм яIэрыхьэну газетхэмрэ журналхэмрэ Iэ цыщIадза зэманым пещэ. «Адыгэ псалъэ» газетыр зыIэрыхьэну хуейхэм хэыбар фыдогъащIэ - абы Iэ цыщIэвдза хъунущ Урысей почтым и дэтхэнэ Iуэхущапlэми.

Мазэ 4-м «Адыгэ псалъэ» газетым и уасэщ:

унэм ныфхуахьыну фыхуеймэ - сом 753-рэ кIэлIеIэкIэ 88-рэ;

фэ езым почтым къыщыфщтэжынумэ - сом 688-рэ кIэлIеIэкIэ 12-рэ.

Ди индексыр П5894

● Дызэкъуэту

Хэкум и хъумакIуэхэм я фэеплъ пхъэбгъухэр

Дзэлыкъуэ щыналъэм и къуажэ курыт еджапIэхэм фэеплъ пхъэбгъухэр щыхьфIадзащ Хэкум и хъумакIуэхэм.

МАЛКЭ къуажэм дэт курыт еджапIэ №2-м фэеплъ щыхагъэзыващ 1941 - 1945 гъэхэм екIуэкIа Хэку зауэшхуэм хэта Ажий Исмэхьил.

Адрей школхэм фэеплъхэр къыщыхъуэIуахащ нобэрей лIыхъужьхэм – Украинэм щекIуэкI Iуэху хэкам хэкIуэдахэм. Малкэ дэт курыт еджапIэ №21-м Дыгъужь Ислъам, Дзэлыкъуэкъуажэ и езанэ курыт еджапIэм – Агъу Русланрэ Къущхьэ Ризуанрэ, Къамылыкъуэ школым – Хьэщхьужьэ Артуррэ Шыбэзыхъуэ Анзоррэ, Приречнэксэм – Джэрыджэ Расул, Белокаменскэм – Беслъэней Тимур, Каменномост дэт ещанэ курыт еджапIэм – Шыбзыхъуэ Аэзэмэт, Сэрмакъ курыт еджапIэ №21-м – Пыл Алим сымэ.

Курыт еджапIэхэм щекIуэкIа Iуэхухэм хэтащ СВО-м кIуалыкъу щызыщIэхэр, «Хэкум и хъумакIуэхэр» фондым республикэм щIэ кIуэдамэм и лэжьакIуэхэр.

КъызэIуаха фэеплъ пхъэбгъухэм гъэсэныгъэ мыхьэнэ яIэщ. ПщэдджыжькъэкIлыхъужьхэм я сурэтхэр зыIутагIу еджакIуэхэм ягу илъынуц мамырыгъэм и мыхьэнэр, Хэку лъагъуныгъэм и къарур, хэкупсагъэм лъэщ узэрищIыр, къуэшыгъэмрэ зэныбжьыгъуфIэмрэ лъэитэн зэрыхуейр. ЕджапIэхэм щыфIадза фэеплъ пхъэбгъухэр лIыгъэм и щапхъэщ.

Тхыгъэри сурэтхэри **ГУГЪУЭТ Заремэ** *еIущ.*

Iэзагъышхуэ къагъэлъагъуэ

Республикэ клиникэ сымаджэщым нэмэ зэрилъагъур ирагъэфIэкIуэжу операцэ гугъу щрагъэкIуэкIащ. Егъэлеяуэ зи нэбагъуэкэр утхуэ (катаракт) цIыхухъум и цIыкIыгъ нэхъ хьэлъэ ищIырт фошыгъу уэзымрэ Паркинсон и уэзымрэ зэрыпкъырытым.

ЦIыхухъум и нэм щригъэлIащ уней клиникэхэми къалэшхуэкэм щыIэ медицинэ центркэми, Арщхэкlэ уэзифэ зыбжанэ зиIэ сымаджэм и цIыкIэм къыхэкIыу, операцэ нэужькIэ екIуэкIэ шынагъуэшхуэ зэрыщIэр къалъытэри, а Iуэхум тегушхуэкъым.

Республикэ клиникэ сымаджэщым и Iэщагъэлэрэм защэхуигъэзэм, дохутырхэм куууэ къалэщIтащ абы и узынщагъэ икIи операцэ гугъуэ ящIыну арэзы хъуэхэщ. Операцэр щалIым нэдкIыдж утхуэкэр Iуэхащ, абы и пIэ ирагъэтIысхьащ Iэрыщ интраокулярнэ линзэ.

Сымаджэщыр иджырей Iэмэпсымэхэмкlэ къызэрызэгъэпэщам, Iэщагъэлэрэр я Iэщагъэм зэрыхуейр къалъытэри, а Iуэхум тегушхуэкъым.

Республикэ клиникэ сымаджэщым и Iэщагъэлэрэм защэхуигъэзэм, дохутырхэм куууэ къалэщIтащ абы и узынщагъэр

Гупсысэ гъэщIэгъуэнхэр къыхалъхьэ

КъБР-м щIалэгъуалэм я Іэухухэмкlэ и министр Лу Аэзмэтрэ Шэрджэ районым и администрацэм и Іэпщхьэ Кульбаев Аланрэ щIыналъэм иц ныбжыщIэ жыджэрхэм яхуэзэщ. Ахэр тепсэлъыхьащ нэгъабэ ящIа лэжьыгъэхэм, абыхэм къарикIуэхэм, иджыпстуи зиужьит къалэнхэм, дяпэкIэ я мурадхэм.

ГУХЭХЪУЭЩ мы районым и щIалэгъуалэм зыужьыныгъэфI зэрагIэр: щIалэхэмрэ пщащэхэмрэ жыджэру хэтщ я муниципалитетымрэ республикэмрэ я жылагъуэ гъащIэм, проект куэд ягъэзащIэ, ныбжыщIэхэр спорт, творческэ Іуэхухэм драгъэхьэх. Лъэпкъ проектхэмрэ КъБР-м и Іэтащхьэ КIуэкIуэ Казбекрэ я фIыгъэкIэ районхэм щIалэгъуалэ зэхуэсыпIэ куэд къыщыунохуащ - еджапIэхэр, щэнхабзэмкIэ унэхэр, спорт комплексхэр, библиотекэхэр, щIалэгъуалэ центрхэр, нэгъуэщIхэри.

Зэлущ1эм щIалэхэм жыджэру упщIэхэр щратащ къулыкъущIэхэм икIи гупсысэ гъэщIэгъуэнхэр къыщыхалъхьащ. Ахэр теухуат ди турист щыпIэхэм къэжыхьыпIэхэр къыщыщIэгъэпэщцыным, зэныбжьэгъугъэм и форум ин егъэкIуэкIыным, лъэпкъ хабзэ лъапIэныгъэхэр хъумэным, Хэкур фIыуэ лъагъуным, зэныбжьэгъугъэм, зэгурыIуэныгъэм тетыным.

Зэхуэс нэужьым министрымрэ район Іэтащхьэмрэ зрагъэлъэгъуащ творческэ гупхэм, спорт секцхэм щекIуэкI лэжьыгъэр, тренерхэм, художественнэ унафэщIхэм, гъэсэн цIыкIуэхэм епсэлъащ.

Лу Аэзмэт щIыпIэ къэфакIуэ гупыр ЩIалэгъуалэм я махуэр щагъэлъэпIэну дауэдапщэхэм иригъэблагъащ, бэнэкIэ хуитымкIэ секцэм щыщ щIалэхэр иплъэх къэкIуэкI лэжьыгъэр, тренерхэм, художественнэ унафэщIхэм, гъэсэн цIыкIуэхэм епсэлъащ.

Лу Аэзмэт щIыпIэ къэфакIуэ гупыр ЩIалэгъуалэм я махуэр щагъэлъэпIэну дауэдапщэхэм иригъэблагъащ, бэнэкIэ хуитымкIэ секцэм щыщ щIалэхэр иплъэх къэкIуэкI лэжьыгъэр, тренерхэм, художественнэ унафэщIхэм, гъэсэн цIыкIуэхэм епсэлъащ.

Лу Аэзмэт щIыпIэ къэфакIуэ гупыр ЩIалэгъуалэм я махуэр щагъэлъэпIэну дауэдапщэхэм иригъэблагъащ, бэнэкIэ хуитымкIэ секцэм щыщ щIалэхэр иплъэх къэкIуэкI лэжьыгъэр, тренерхэм, художественнэ унафэщIхэм, гъэсэн цIыкIуэхэм епсэлъащ.

Лу Аэзмэт щIыпIэ къэфакIуэ гупыр ЩIалэгъуалэм я махуэр щагъэлъэпIэну дауэдапщэхэм иригъэблагъащ, бэнэкIэ хуитымкIэ секцэм щыщ щIалэхэр иплъэх къэкIуэкI лэжьыгъэр, тренерхэм, художественнэ унафэщIхэм, гъэсэн цIыкIуэхэм епсэлъащ.

Лу Аэзмэт щIыпIэ къэфакIуэ гупыр ЩIалэгъуалэм я махуэр щагъэлъэпIэну дауэдапщэхэм иригъэблагъащ, бэнэкIэ хуитымкIэ секцэм щыщ щIалэхэр иплъэх къэкIуэкI лэжьыгъэр, тренерхэм, художественнэ унафэщIхэм, гъэсэн цIыкIуэхэм епсэлъащ.

ШЭРІУЖЬ Даянэ.

Зыми емыщхь вагъуэкIэху

• Хьэрш

ДызыIуплъэ уафэм мазаем и 28-м планетэхэр кIапсэ щIыкIэу щызэдиубыкIкIэ, а гупым «3I/ATLAS» хьэрщырыкIуэ пкъыгъуэ абрагъуэри яхьыхьэнущ.

А МАХУЭМ дэ щыхьэт дытехъуэнущ ди Дыгъэм къедза и къуэхъ-уэрдыхъэм (орбита) зыщщызыгъэкIэрахъуэ уафэщIхэу Юпитер, Уран, Сатурн, Нептун, Венерэ, Меркурий сымэ, ЩIы Хьурейм къыдэгъуэгурыкIуэ ди Мазэри яхэту, уахэм кIапсэ щIыкIэу зы лъэныкъуэкIэ зэрыщыкIэдиубыкIынум. Апхуэдэ зэкIэлъыкIуэ телъыджэ, астрономхэм къэзрахуэтамкIэ, къыщыхъуэ илъэс 15-м кириубыдэу зэщ.

«Ахэр гъэпи зыгуэр хуэнт, мазэ бжыгъэ хъуауэ уахэм кIэлъыплъхэм зи хъыбар яхуэмыух «3I/ATLAS» зыфIаща хьэршырыкIуэ пкъыгъуэ абрагъуэри «планетэхэм я парадыхъэкIэ» дызэдэжа я Іуэхугъэм яхэмылъэ-хуэмэ», - жеIэ астрономием хуэзыгъадэж Князев Виктор.

ЗищIыс и лъэныкъуэкIэ хэти къыгурымыIуэща а пкъыгъуэр, вагъуэкIэхуу (кометэу) щырети, къызэдилъэтыкIар Дыгъэм къедза и къуэхъым адкIэжкIэщ, уеблэмэ хьэршым и зы къуэгъэпIэ жьакъащхэм ящыщ зырщ. Астрономхэм апхуэдэм «вагъуэ зэхуэку пъуэджыдэкIэ» йоджэ. Мыбы хуагъэдэну уафэр зыдIэхэм тхыдэм и кIыхьагъкIэ илъэгъуэр тIу кIудейщ: япэр - 2007 гъэм къэхутауэ щыта «Oumuamua» хьэршырыкIуэ мывэшхуэзщ, етIуанэр 2019 гъэм «Борисовым и кометэ» зыфIащауэ цыгтарщ. Ауэ щыхьэкIи, мыр ещанэщ, и зыгъэзэкIэ-сытхэмкIи астрофизикэм и хабзэм зэрытемытри зыгъэнагъэщ.

Адрей ди тхыгъэхэми къызэрыхъэщащи, уахэ жьыжьэм и губгъуэ хэукъуэдиикIахэр къызэрэпэкIри, ди Дыгъэм къедза уэрдыхъэкъуэхым кхъыхьащ астрономхэм «3I/ATLAS» зыфIаща хьэршырыкIуэ пкъыгъуэ абрагъуэр. Астрофизикхэм я нэхъыбэм ар вагъуэкIэху лъэпкъыгъуэ курытхэм хабжами, «уахэхутэу» зыкъэзыпIытхэ мыдрейхэм пкъыгъуэ абрагъуэр уахэ жьыжьэм акъыл зиIэрэ гъэ зыIуту щыIэнкIэ хъунухэм къаутIыпща хьэршырыкIуэ кхъухьлъатэу ягъэувац.

Идрейуэ уахэрыкIуэ кометэм ирагъэщхьэр ЩIым ГъунэгъуэкIэ къызэрыхъэкIащи астрономхэм япэу гу щыIтатар 2025 гъэм и бадзэуэгъэрщ. КъызэралъэгъуащI дзей щыкIэм здэлъет телескоп бжыгъэ астероидхэм ящыщу ди планетэм лей нэхъ къытезыгъэхьэнкIэ зыхуэгъэфащэжьэ кIэлъыплъэныкIэ «ATLAS» зэпыщIэныгъэм хэтхэм я фIыгъэкIэщ.

Атlэми, куэдым телъыджэ ящыхъуэ иджырей пкъыгъуэ абрагъуэм, къызэрабжъуэ, апхуэдизу псынщIащэу хьэршым зыщIгъэзэрти, хьэршым къэщIекIуэкIэхэр зыфIэгъэщIэгъуэнхэмэ зэрыжаIауэ, абы «астероид къызэрыгъэкIэ» уеблэмэ тIэкIу мащIэу.

Нэхъыбэ зыбжанэрэ, мыр и зыгъэзэкIэкIэ нэгъуэщI вагъуэхэм (ди Дыгъэри вагъуэщ) я уэрдыхъу-къуэхым къаIэщIэкIыну къытхуеблэгъауэ щыта адрейхэм нэхърэ и зекIуэкIэкIэ тIуки нэхъ хуабжьу, къэдгъэлъагъуэмэ, зы секундэм кIуриубыдэу километр 58-рэ къызэзыпэкIщ, гравитацием и хабзэм тету ди Дыгъэм гъунэгъу зыхуищIу (2025 гъэм и дыгъэгъаззэм) къызэрыгъэдэкIыжьари къызэдикIа хьэрш жьыжьэмкIэ зэрыриIунэтIэкIыжьари зыгъэзэкIуэщ. АтIэми, тIэщIэмыкIыпIэ иIэ, абы астрофизикхэм иджыри къаригъэлъэгъуащ зищIысыр къэзыгъэщIэ хуэмэбэмэ щIэнкIэм «жьы IубыгъуэкIэ къэзэ» къызэрыщIэхэр.

Псалъэм папщIэ, къыхэдгъэщам и зы щапхъэ телъыджэт ЩIы Хьурейм къыщыхъэт уафэм телескопкIэ кIэлъыплъахэм 2026 гъэм щIышылэм и 22 - 26-хэм къыщалъагъуэр: Дыгъэр, ЩIыр, «3I/ATLAS» зыфIащар, зыр адрейм кIэлъыкIуэу, кIапсэ щIыкIэу зэрыщIэхэр.

Ауэ щыхъуэкI, астрономием пэIэщIэхэми а къэхъуэкIащIэр мыпхуэдэу зыщIыщыгъэхъу хъунущ: тIэкIу лъэныкъуэкIэ Іукlуэтауэ, я зэхуэку дыдэтщ иджы уэздыгъэмрэ (ЗДЭ) сабийхэр зэрыдэжгу топ щIыкIымрэ (3I/ATLAS). Ди щIыбагъ дэт нурыр кхъдгъэкIыну зэрытридзэм и фIыгъэкIэ, топ цIыкIур Іупщ дыдэуц зэрытлъагъунур. ЩIэныгъэлIэхэр мы Іуэхум «зэпэщIэувэныгъэм и зэщIэлындэкIэ» («вспышка противостояния») фIащащ.

Едгъапщэмэ, Мазэр жэщкIэрэ изу щIытлъагъуэм дежи, апхуэдэуэ ди нэгу кхъыссыпIэ ди «хъащIэхэм» ехьэлIауэ мыбы хуэдэ кхъыщыдэхъуIэнкIэ зэIуэку илъэс пщIы бжыгъэхэм кърибыдэу закъуэтIакъуэхэщ.

Астрономхэм кхърапщыгъэкIэ щыхэпIьэжкIэ, мы Іуэхугъуэм кхъаритынкIэ хъунум ящыщ гуэрхэм зэрызэкIэлъыкIуэм хуэдэу дытепсэлъыхьынщ.

Япэрауэ, пкъыгъуэ абрагъуэр щызэлъатэкIэ къэзыухъуреихь сабэр и теплъэкIи, и зэхэлъыкIэкIи зыхуэдэр нэхърэ яхуэзэгъэкIынуц.

Сабэм и пкъынэ нэрымылъагъуэхэр зэщIэпщIыхьауэ мывэм ещхьу быдэ хьэмэрэ уэс налъэ жьгъейкэм хуэдэу щабэ?

Езы пкъыгъуэ абрагъуэр къэзыухъуреихь и тхьэгъум» комет эм къудэр уэзыщIмыхьэлIэ гъущIэкIэ гуэрхэр хэлъынкIэ хъунущ?

КIэлъыплъахэм я нэхъыбэм, яхуэмыхьык хъыбару, псом нэхърэ нэхъ зыгъэпIейтеяуэ кхалъытар «3I/ATLAS»-м и «бажэкIэу» здэщымыIэпхъэмкIэ ешэкIарц. Атlэми, иджыри къэс кхахута кометэхэм къадекIуэкI хабзэ а кIапсэ Дыгъэр здэщымыIэмкIэт здэгъэзэар. Ар сыт щхьэкIэ жытIэмэ, вагъуэ жьэражьэм и нурым дэщIыгъуэ «жьым» хэуэм щызелъатэ мыбы хуэдэ пкъыгъуэхэм я сабэмрэ гъуэзымрэ, пэIэщIэ зэрызыкIэлъыкIуэ, ирегупыкIыщIэкI. АрщхьэкIэ, «3I/ATLAS» уэрдыхъэкIуэ пкъыгъуэм деж, кхъзэрыщIэкIамкIэ, Іуэхур щынэгъуэщI и Іыхьэ щIэнэм хуэдизщ.

Мыдрейуэ, Израилми США-ми щылажьэ физик-теоретик, космолог Лоуб Авн гу зэрыпылъамкIэ, «3I/ATLAS»-р пкъыгъуэм «нур» нэхъ цIыкIуу («бажэкIэ» нэхъыщхьэм къинэмыщIа) иджыри щы къызыхеуфIыпщыкI, дэтхэнэри (зыр адрейм елъытауэ) кхъеблэкIа и уэрдыхъэм джэ градуси 120-кIэ щызэпIщIхэуэ. Аэзри зищIысыр зэхэгъэкIыным астрофизикхэм ауи Іыгъэ иджыри ираIъэкIыным.

Кlымыдэкlи (алъандэрэ зи гугъу тщIам ікыпызыщэу), Интернетым канал щхьэхуэ къыщыхэзIуэныха «уахэхутэкэм» ящыщ гуэрхэм кхъзэралъытэмкIэ, куэдыр гупсысэгъуэ хэзыдза хэзыщIыкIуэм, ди планетэр я зэхуэку дэту. Дыгъэм зыкъыщыхуишIэм (щыIыщIэм и 22 - 26-хэм), псоми ди псэупIэ ЩIы Хьурейр зэрыщыту сканерым щIигъэкIам хуэдэу, сурэт кхъзэрымыкIуэхэри къыттриIахащ, хэплъэжа иужькIэ кхъзэрыгъэсэбэпныкынм е нэхъ зэIуэхэу зэрызыкъыпIащIэным зыхуигъэпсу.

Уеблэмэ, ар дэнэ кхъэна, ищхьэкIэ зи гугъу тщIахэм зэрыжаIамкIэ, пкъыгъуэ абрагъуэм пэщIэдзэ щIыкIэу дэ кхъыхуэгъэзэа «хъыбарегъащIэ» кхъызыуIыпIащIакIащ, частота зэмылIэужьыгъуэхэм ящыщу, Шуман и резонансри кхъзэзыбыдыф радиостанцэу Урысейм (Томск кхъэлэ), Италием, Австралием, США-м, Японием щыIэхэм кхъэлэ-хьам ятетщIыхьмкIэ. ЗэрагъэхъыбарымкIи, а Іуэхугъуэр (частота кхъзэзрымыкIуэхэр кхъзыхуитIыпщыкIынкIэ) сыхьэти 140-кIэ екIуэкIащ.

Дэнэ, атlэ, мы зэманым здэщыIэр уафэм кIэлъыплъ цIыху кхъзэрыгъэкIэхэм ямызакъуэу, щIэныгъэлIэхэм ящыщу гуэрхэри бжыкIуэ кхъзэзыа 3I/ATLAS пкъыгъуэ абрагъуэр?

Урысейм ЩIэныгъэхэмкIэ и академиемэр ГелиофизикIэ унэтIыныгъэм епха IэмэпсымэкIэр ууэныкIэ и кхъдамэкэм щылажьэкIэ зэрыкIэмкIэ, 3I/ATLAS вагъуэкIэху кхъзэрыгъэ абрагъуэм и пкъыкIыпIэ мы зэманым щылъхъуэпхъэр ЩIы Хьурейм къ Юпитерымрэ я кхъуэку дэлъ гъуэгуанэрщ. Иужьрейм и кхъуэкым ар, кхъзэрабжамкIэ, гъунэгъубзэ щыкIуэкIэ гъатхэпэм и 16 - 17-хэм деж. Ики мыр, вагъуэкIэкэр, Юпитерым а дапэм зэрыбгъэдыкъэр, щIэныгъэлIэхэм кхъзэралъытэмкIэ, зи кхъыбарыр яхуэмыух и хуэмэбэмэ нэхъ кхъзэгъэзыIэбжьэм ящыщ зыщ. Сыту жытIэмэ, зэрышым апхуэдэ зэIущIэкIэ узыщрихъэлIэнкIэ хъунур вагъуэкIэкэхэм кхъзэхуэ псоми я процентэ 2-м хуэзэм хуэдизщ.

КЪУМАХУЭ Аслъэн.

Зи макъыр цIыхубэм къадэгъуэгурыкIуа

КъБР-м и цIыхубэ артист, уэрэдыкIакIуэ цIэрыIуэ Къуныжь Хьэждал къызэралъхурэ илъэс 95-рэ ирикъуащ.

КЪУНЫЖЬ Хьэждал Шэджэм щIыналъэм хыхьэ Нартан къуажэм 1931 гъэм къыщалъхуащ. Хэку зауэшхуэм щыгъуэ ар комбайнёр-ру лэжьащ, щIалэ цIыкIур а Іэщ1агъэм фIыуэ зэрыхэзэгъар и ныбжьэгъуэхэмрэ и къуэшхэмрэ ягъэщIагъэу. ЖыпIэнурамэ, лэжьыгъэм щыпэрыхьам, ар иджыри комбайным къыдэщыртэкъым. Хэт ищIэрэ, и макъыр утIыпщауэ уэрэд жиIэурэ лъэпкъ къыщIэкIынт. Дауэ хъуами, и къуажэгъуэр щыгъуазэт абы макъ зэриIэм.

«Кабардинка» къэрал ансамблым концерт итыну Нартан къуажэм кIуауэ, Хьэждал и ныбжьэгъуэми къытрагъэхьат концертым и кIэухым езыми уэрэд жиIэну. Iэгуауэ макъыр нэхъ кIащхьэ хъуа жэуэ, ансамблым и унафэщIыр колхоз комбайнёрым бгъэдыхьэщ, сэлам иритри, ансамблым и хорым ыхьэну иригъэблагъащ. Гупыр къэфакIуэрэ уэрэдыкIакIуэу щагъэшым, Хьэждал илъэс куэдкIэ хэтащ республикэм и Телевиденэмрэ радиомрэ я къэрал комитетым и хорым. Къэрэшей-Шэрджэс автоном областым и эстрадно бригадэм и художественнэ унафэщIу 1984 - 1988 гъэхэм щытащ ар. 1988 гъэм а къалэн дыдэр щигъэзэщIащ Адыгейм.

Пасэрей цIыхубэ уэрэджьэхэр, Іуэрыlуатэм щыщ пшынальэхэр, гъыбзэхэр, классикэ, гушыIэ уэрэдхэр КъБР-м Хьэждал дахащэу жиIэрт. Адыгэ щIэнгуаззэмкIэ центрым и «Шабзэ» ансамблым и художественнэ унафэщIу 1990 гъэм щыщIэдзауэ лэжьащ.

Илъэс 40-м щIигъукIэ щIэнэм ита Хьэждал цIыхубэм фIыуэ ятIэгъуат. Зыми емыщIэ абы и макъ гуакIуэр лъэпкъ щэнхабзэм къыгуэхыпIэ имыIэу ягъэкIат. 1992 гъэм КъБР-м и цIыхубэ артист» щIыхьыщIэр къыфIащащ. Илъэс бжыгъэкIэ 70 гъэхъугъэ щIэныгъэ зэрыщIэхъуэпсыр, щIэныгъэлIэ цIэрыIуэ Хьэждал Къуныжь.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.

ГъащIэм и унэтIакIуэ

Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэм и къуэдзэ Хъыжьокъуэ Аэзмэт «Адыгэ псалъэм» къигъэхьа тхыгъэр теухуащ и егъэджакIуэм.

«ДЭТХЭНЭ зы цIыхум иIэу къыщIэкIынщ гуапэу игу кьына егъэджакIуэ. Апхуэдэхэр гъащIэм и унэтIакIуэ пхуохъури, уи дуней епIыкIэ зэрагъэзэжу. Сабий гукъэкIыж дахэхэр хузиIэщ Бахъсэн къалэм дэт, КIуэкIуэ Валерэ и цIэр зезыхь курыт школ №98-м урысыбзэмрэ литературэмкIэ и егъэджакIуэ Къаныкъуэкъэ я нысэ, Тишкэхэ япхъу Земфирэ.

Нобэ хуэдэу сощIэж етхуанэ классым сыщыкIуа мазаэр. Дерсыр дыщIэну тIэшым дыщIэсу къыщIыхьащ зи нэгум гуапагъэр кърих бзылъхугъэ гуакIуэр. Арат адэкIэ класс унафэщIуи диIэнур. Ёблэнэ классыр кхъэзухьхукIэ а еджапIэм сыщIэсати, Земфирэ и псалъэ жагъуэ, зыгуэрым хэгъэзащэ, жиIэу зэхэсхакъым, ар сытым дежи щабэт, и нэIэм щIэт дэтхэнэми и Іуэхум зыщIигъэгъазэрэ сыт и пIэныкъуэкIи зэрыщымыкIэ, и щIэныгъэкIэ, и ІуцагъэкIэ, зыпэрыт Іуэхум зэрыхуэзэзэмкIэ.

Си егъэджакIуэм сохъуэхъу узыншэу, бэлътIэIыгъуэу, гугъэгъэрэ и куэду, и Іэщ1агъэм и хьэр илъагъуу иджыри илъэс куэдкIэ и Іэнатlэм пэрытыну!»

Зыгъэхьазырар
ЩХЬЭЩЭМЫЩI Иззэт.

Бзэм и Іэфlым къару къыхех

Адыгэбзэр фIыуэ зылъагъу, лъэпкъ гудзакъэ зиIэ, цIыхум хэлъ хьэл-щэн нэхъыфIхэр зыльытэ адыгэ щIалэщ Умар Анзор. Тэрч щIыналъэм хыхьэ Курп Ипщэ къуажэм 1991 гъэм дыгъэгъаззэм и 4-м къыщалъхуащ ар. И Іэщ1агъэкIэ юристщ, лъахэхуитэщ. Абы къулыкъу щещIэ Украинэм щекIуэкI дзэ Іуэху хэхам. Хэкур къэджати, къулыкъум пэрыувати, Умар Анзор гъэщIэм, Хэкум, адыгэбзэм, лъэпкъ щэнхабзэм ягуэруэ и гупсысэхэр куущ. Ар къыхощ ди псалъэмакъ кIэщIым.

- Лъахэм, щыкъуащхьэ къуажэм упызыщIэ гупсысэхэр...

- Сыкъэщалъхуащ зи щыуэпсэр телъыджэ, тхыдэ къулей зиIэ щIыналъэм. Щэнхабзэ дахэм, лъэпкъ хабзэхэм, щыуэпсэ сапсыкъащ, жысIэмэ, сыщыуэнукъым. СызэрыщыкIуэ сыщIэдзIауэ ди адэжьхэм ятеууэ хъыбарэхэм, ди ятэ итахэр зыштэ хабзэхэм, ягъэвахэм, яхуэсфэIакIэхэм теуэхуауэ нэхъыжьхэм жаIэжа-хэм. АпщондзэкункIи си гур нэхърэ пабгъэрт си лъэпкъым и фIыгъуи и гуауи зыщыгъэгъуэзэну. КъызэрыIуащ ди лъэпкъым и тхыдэр ззэгъэщIэгъуэнти, хабзэубзыхуу Іэухуэмэ тхыдэмэ зэрызэпыщIар эджыныи сыдигъокIи хьэхащ.

- Анэдзлъэныхубзэр гурэ псэкIэ зэрыщыхэпщIэри сольагъ...

- Сыт щыгъуи зыхьзощIэ анэдзлъхубзэм къуэпс быдэкIэ сызэрыпыщIар. Бзэр ауэ дызэрызэпсалъэ къудейкъым, ар ди щэнхабзэм и къинэжьхэуанIэ къулейщ. Бзэр псалъэрэ макъыу зэкIэт къудейуэ къэплъыгъэмэ, ущыуэнущ. Ар лъэпкъым и шыфэлыфэщ, и хабзэ-нэмысщ, и зыIыгъыкIэщ, и псэукIэщ икIи и тхыдэ гъэгуанэр къэзыпIыщIащ. Апхуэдэ зэкIэлъыкIуэ телъыджэ, астрономхэм къэзрахуэтамкIэ, къыщыхъуэ илъэс 15-м кириубыдэу зэщ.

«Ахэр гоорэ зыгуэр хуэнт, мазэ бжыгъэ хъуауэ уахэм кIэлъыплъхэм зи хъыбар яхуэмыух «3I/ATLAS»-м и «бажэкIэу» здэщымыIэпхъэмкIэ ешэкIарц. Атlэми, иджыри къэс кхахута кометэхэм къадекIуэкI хабзэ а кIапсэ Дыгъэр здэщымыIэмкIэт здэгъэзэар. Ар сыт щхьэкIэ жытIэмэ, вагъуэ жьэражьэм и нурым дэщIыгъуэ «жьым» хэуэм щызелъатэ мыбы хуэдэ пкъыгъуэхэм я сабэмрэ гъуэзымрэ, пэIэщIэ зэрызыкIэлъыкIуэ, ирегупыкIыщIэкI. АрщхьэкIэ, «3I/ATLAS»-р пкъыгъуэм деж, кхъзэрыщIэкIамкIэ, Іуэхур щынэгъуэщI и Іыхьэ щIэнэм хуэдизщ.

Мыдрейуэ, Израилми США-ми щылажьэ физик-теоретик, космолог Лоуб Авн гу зэрыпылъамкIэ, «3I/ATLAS»-р пкъыгъуэм «нур» нэхъ цIыкIуу («бажэкIэ» нэхъыщхьэм къинэмыщIа) иджыри щы къызыхеуфIыпщыкI, дэтхэнэри (зыр адрейм елъытауэ) кхеблэкIа и уэрдыхъэм джэ градуси 120-кIэ щызэпIщIхэуэ. Аэзри зищIысыр зэхэгъэкIыным астрофизикхэм ауи Іыгъэ иджыри ираIъэкIыным.

Кlымыдэкlи (алъандэрэ зи гугъу тщIам ікыпызыщэу), Интернетым канал щхьэхуэ къыщыхэзIуэныха «уахэхутэкэм» ящыщ гуэрхэм кхъзэралъытэмкIэ, куэдыр гупсысэгъуэ хэзыдза хэзыщIыкIуэм, ди планетэр я зэхуэку дэту. Дыгъэм зыкъыщыхуишIэм (щыIыщIэм и 22 - 26-хэм), псоми ди псэупIэ ЩIы Хьурейр зэрыщыту сканерым щIигъэкIам хуэдэу, сурэт кхъзэрымыкIуэхэри къыттриIахащ, хэплъэжа иужькIэ кхъзэзыгъэсэбэпныкынм е нэхъ зэIуэхэу зэрызыкъыпIащIэным зыхуигъэпсу.

Уеблэмэ, ар дэнэ кхъэна, ищхьэкIэ зи гугъу тщIахэм зэрыжаIамкIэ, пкъыгъуэ абрагъуэм пэщIэдзэ щIыкIэу дэ кхъыхуэгъэзэа «хъыбарегъащIэ» кхъызыуIыпIащIакIащ, частота зэмылIэужьыгъуэхэм ящыщу, Шуман и резонансри кхъзэзыбыдыф радиостанцэу Урысейм (Томск кхъэлэ), Италием, Австралием, США-м, Японием щыIэхэм кхъэлэхьам ятетщIыхьмкIэ. ЗэрагъэхъыбарымкIи, а Іуэхугъуэр (частота кхъзэзрымыкIуэхэр кхъзыхуитIыпщыкIынкIэ) сыхьэти 140-кIэ екIуэкIащ.

Дэнэ, атlэ, мы зэманым здэщыIэр уафэм кIэлъыплъ цIыху кхъзэрыгъэкIэхэм ямызакъуэу, щIэныгъэлIэхэм ящыщу гуэрхэри бжыкIуэ кхъзэзыа 3I/ATLAS пкъыгъуэ абрагъуэр?

Урысейм ЩIэныгъэхэмкIэ и академиемэр ГелиофизикIэ унэтIыныгъэм епха IэмэпсымэкIэр ууэныкIэ и кхъдамэкэм щылажьэкIэ зэрыкIэмкIэ, 3I/ATLAS вагъуэкIэху кхъзэрыгъэ абрагъуэм и пкъыкIыпIэ мы зэманым щылъхъуэпхъэр ЩIы Хьурейм къ Юпитерымрэ я кхъуэку дэлъ гъуэгуанэрщ. Иужьрейм и кхъуэкым ар, кхъзэрабжамкIэ, гъунэгъубзэ щыкIуэкIэ гъатхэпэм и 16 - 17-хэм деж. Ики мыр, вагъуэкIэкэр, Юпитерым а дапэм зэрыбгъэдыкъэр, щIэныгъэлIэхэм кхъзэралъытэмкIэ, зи кхъыбарыр яхуэмыух и хуэмэбэмэ нэхъ кхъзэгъэзыIэбжьэм ящыщ зыщ. Сыту жытIэмэ, зэрышым апхуэдэ зэIущIэкIэ узыщрихъэлIэнкIэ хъунур вагъуэкIэкэхэм кхъзэхуэ псоми я процентэ 2-м хуэзэм хуэдизщ.

КЪУМАХУЭ Аслъэн.

Анэ

Ялъэ сабийуэ уамыгъэфIа,
Щlалэ нэхъыщIэу къыпщымысхьа,
Уэ уи гудзакъэмрэ гумызагъэгъэмрэ
Гущэм ухэлъу къыбдалъэгуат!?

Пасэу зи анэр зыфIэкIуэдауэ,
Гугъуехым хэту къэхуэа бзылъхугъэм
Дэlэпыкъуэгъуэу нэхъ укъищта!?
Уи гумащIагъэр ебгъэлъэгъуа?!

Уэ уи Іуэху щIэкIэм, уи зэхэщIыкIым
И псэм тыншыгъуэ ирагъэгъуэту,
Уи Іэрыхуагъэми щыгуфIыкIыу,
И махуэ хьэлъэхэм убгъырита!?

Уи сабиигъуэм кхъыздипха хьэлу,
Іуэхум псом япэу нэсыр уэра!?
Хьэмэрэ хьэл-щэну уи Іыым ар хэту
Жыпlэрэ уигукIэ: «Хэт, сэрмырамэ?».

* * *

Уи жагъуэ зыщIыфар хэт, си бзэ дахэ?
Хэт кхыпхуэмейуэ уэ кхыбжезыIар?
Уэ ущыхьэщIэкъым, ущыхэгъэрейщ
мы лъахэм,
Си адыгэбзэ, уи псэм хэт кхъеIар?

КхъытекI бжэщхьэIум, убыдыж
уи жьантIэр,
Уэ жьантIэдзсу ущытынырщ пэжыр.
Щрейуи уи макъыр уэ адыгэ пщIантIэм,
Уи кхъщIым щIэблэ дахэ щыгуфIэжу.

Сыхуейщ сэ, си бзэ, уэ узигъусэну,
Си Іуэуи си гуфIэгъуи пхуэсIэгъэну.
Уи псалъэ пэжхэм сэ сригъуэзэну,
Кхъыщэпт гуфIэгъуэм лъагэу сиIэтыну.

Уэ упсэунщ, зылI закъуэм уIурылъмэ,
Зы адыгэлI нэхъ мыхъуми урипщIыхьмэ!
Анэдзлъхубзэр, сфIющI іэхуэхъуу дамэ,
Лъэпкъ щIэблэри зы жыгым и
кIудамэу!

Си адыгэбзэ, щIыб кхъпхуэзыгъаэзм
Сыхуэзэмэ, есхынкъым уи фIэхъус.
Кхъхъунщ зэман, уи Іофым
зыдагъаззу
Щагъэззэжын уи япэ макъым нэс.

Сэ си бзэ, адыгэбзэ, уэ угуащIэщ,
Сыхуейщ узыхащIэну си лъэпкъ псом.
Уэ, си бзэ дахэ, лъэпкъкIэ угумащIэщ,
Ирегумащlэ уэркIи лъэпкъ бгъэпсэур!

Удзышэ

Кхъызжиащ удзышэ сыздишэну дадэ,
ЕтIысэх симыIэу зызгъэхъэзыращ.
Хуэсlуэтащ гуфIэгъуэр нанэу псэм
хуззгъадэм,
«Сыхомыгъэжае», жысIэу селъэIущ.

Шыри зэщIэсщIащ, губгъуэми
дыкIуащ.
И шэмэджыр дадэ сэ худэслъэжащ.
Удзыр дызэгъусэу шыгум
из къэтщIащ,
Хъыбарыжьыр куэду дадэ жиIэжащ.
Унэм дыкъэсыжри, си анэр
кхъыдэкIащ,
Ари сэркIэ пагэу, гуфIэу
кхъыслуплъащ...

Стекlуэтащ шхыIэныр,
Гуплlэм сыкъыщепкIэм,
Сухри губгъуэ кIуэныр,
СыкъызэщIыуащ.
Унэм сыкъыщIэплъри -
дадэ къэсыжат,
Сыщыгъупщэжауэ, шыр
щIитIыкIыжат.



Дыщогуфыкlи икlи дрогушхуэ

Къэбэрдей-Балъкъэрым Спортымкlэ и министерствэм блыщхъэ кlуам щрагъэблэгъащ Ярыгин Иван и Кубокыр къэхьыным хузунэтlауэ Красноярск къалэм щекlуэкlа зэхьэзэхуэм къыщыхэжаныкlа, килограмм 74-рэ зи хьэлъагъэхэм я деж нэхъапэм къэмыхъуауэ япэ увыпlищыр щызыубыда Бищlо Тимур, Зэкlуий Анзор, Шэрий Инал-бэч *(сурэтым)* **сымэ я тренерхэмрэ. Ахэр яlущlащ республикэм и журналистхэм икlи абыхэм я упщlэхэм жуугъэхэр ираташ, зэхьэзэхуэм тепсэлъыхьащ.**

ЗЭIУЩIЭР къыщызэIуихым, КъБР-м спортымкlэ и министр ХьэсанэИслъам жиlащ ди щlалэхэм я екъулlзэныгъэм икъукlэ зэрыщыгугфыкlар икlи зэрыригушхэр, гуапэуи хьэщlэхэм екъуэхъуащ.

«Бэнэкlэ хуитым дихьэхуэм ящlэ Ярыгин Иван и Кубокыр къэпхьыным дапхэдзэ пщlэрэ щыхьэрэ пылъми. Абы щытекlуэхэм lэмал ягъуэт Европэм и чемпионатым хэтыну. Ди спортсменхэм екъулlзэныгъэфl дыдэкэр щызыlэрагъэхьащ Красноярск къалэм, уеблэмэ нэхъ пщlэ зыщlэлъ, зэныкъэкъуэр щынэхъыбэ, килограмм 74-рэ зи хьэлъагъэ гулыт. Псоми гуапэу сынывохъуэхъу ди щlалэхэм къагъэлъэгъуа зэфlэкl лъагэхэмкlэ», - жиlащ министрым.

Ди бэнакlуэхэм я тренер Зэкlуий Арсен тфlэхьэлэмэтэ деупщlат, финалым щызэхуэса ди щlалитlым – Бищlо Тимуррэ Зэкlуий Анзорэ – яжриlа псалъэхэмэ ези зэIущlэр къыщызрыщыхъуамрэ здзгъэщlэну. Абы и жэуапыр мыращ:

«Сэ щlалитlри си гъэсэнщ, абы къыхэкlыуи, я lуэхум сыхэlэбакъым, зыми сыкъыщlхъэщыжакъым, лейуэ зыри тезгъэгушхуакъым. Абыхэм я зэIущlэм кlэлъыплъэр, чэнджещэр езытар езыхэм я ныбжьэгъуэрщ. Щlалитlыми ящlэн хуейр ящlэж, япэу зэхуэзэу аракъым – утыкум ихьэхэри, иджыри зэ зэбэнащ».

Кlэух зэхьэзэхуэм икlын ипэ къихуэу Зэкlуий Анзор къыпэщlэтащ Олимп джэгукlэ я чемпион, бэнакlуэ щlэрыпэ Сидаков Заурбэч. Ди гуапэ зэрыхъуари, ди щlалэм ар къихьащ. А зэхьэзэхуэр зэрекlуэкlамрэ абы иужькlэ осетин щlалэм зэрыхагъэщlар къызэрыщыхъуамрэ тедгъэпсэлъыхьну Зэкlуийм эхуэдэ зэхуэсти, къыджиlащ:

«Заурбэч щэнэрэ себэнащ. Иджырейми, сызэрыгтекlуэным схущlэкъуащ икlи абы зыхуэзгъэхьэзырац. Апхуэдэ бэнакlуэ лъэщыр хэбгъэщlэну гугъуащ, ауэ зы lэмал гуэркlэ къэзубыдын схузэфlэкlащ. А зэIущlэм щхьэкlэ ар згъэхьэзырат икlи, и кlэм дэж, згъэзэщlэну къызэхуэлащ. Дэ зыщlэдгъасэр, утыку дыщlихьэр апхуэдэ спортсменхэм датекlуэн щхьэкlэщ.

ЗэIущlэ нэужькlи къуэшым хуэдэу lэплlэ къыхуищlащ Заурбэч. Ётlуанэ махуэми хъарзынэу дызэпсэльащ. Икъукlэ щlалэфщ, цlыхухъу нэс жыхуаIэмэ хуэдэщ ар. Сыт щыгъуи гуапэу дызэхущытщ».

Финалыр Бищlом зэрыфlихьам Сидаковым и гэрахэ хэлъэ хэмылъэ, абы къару лей тригъэкlуэда жыхуэтlэу, здгъэщlэну дыщеупщlам, Анзор жиlащ, а текlуэныгъэм уеблэмэ къару лей къызэрыритар икlи зэрытригъэгушхэр, ауэ Тимур нэхъ лъэщу къыщlэкlащ а махуэм.

Кlэух зэхьэзэхуэм и адрей lыхьэ ныкъым щызэхуэзат Бищlомрэ Шэриймрэ икlи зэрытемыгъэкlуаеу, бжыгъэр 1:1-уэ, ихуат ар. Ауэ, иужьрей баллыр Тимур къызэрихьам къыхэкlыу, текlуэныгъэр абы иратат. Щlалэхэм тlуми жалаш лъэщу зэрыгъэпэщlэтар, зым адрейр къызэрыпимыкlуэтар, ауэ lэхур апхуэдэу хъуащ.

Щlалитlым я зэхьэзэхуэм теухуауэ тренер Зэкlуий Арсен къыхигъэщащ бэнакlуэ лъэщхэр, я lэзагъкlэ зэхуэдэу, щызэхуэзэм дежи текlуэныгъэр къэпхьну куздкlэ зэрынэхъ гугъуар. Абдежым къарури, техникэри, акъылри псори зэкъэпхьэн хуей мэхъу, уи къэрэгъэгъур щьобгъэуэн е и щыуагъэ Iэщlэкlар къэбгъэсэбэпу ар къэбубыдын щхьэкlэ. Зэфlэкl нэхъ мащlэ зиlэ спортсменхэм ущебэным дежщ зэIущlэм и бжыгъэр 10:0-хэм хуэдэу къыщыпхуэхьыр.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и бэнакlуищ текlуэныгъэм и лъагапlэм и теуваплищми зы зэпеуэм къэкlуибыдэу зэрыдзкlыжьыр къэзэрыщыхъуамкlэ щlалэхэм дащеупщlам, Бищlом жиlащ, абы фlэкlа я lуэхум гъэщlэгъэныр къэпхъыхьэ зэрыщlэжыр. Ар къэзэрыгъэгъэуар ук1этъыплlыну. А псор нэlуэу уи нэгу къыщlагъэхьэ графикэ, живопись, скульптурэ лэжьыгъэхэм, декоративно-прикладной гуэздзкэми щыщ Iэдакъэщlэкlэхэм. Мыбдеж щыплъагъунущ текlуэныгъэшхуэмрэ Хэкур хъумэныкъо къэкlуагъэхэмрэ зэрыгъэпэщlэтхэмрэ скульптурэхэмрэ. Гъэлъэгъуэныгъэм хэтщ зи статуеткэхэмкlэ, лъэпкъ зэмылlэужьыгъуэхэм я гъащlэм щыщ lыхьэкэр, шыхэр, шыуейкэр зи лъабжьэ и lэрыкlэмкlэ цlэрыlуэ Лансере Евгений и скульптурэ телъыджэхэр.

Фарфорым къыхэщlыкlа хьэпшыпхэри пэшыр зэрагъэщlэращlэ къудейтэхыми, ати цlыхум и зэлъэпщlыгъэр къэзыгъэлъагъуэ, зэманым и «псэр», тхыдэ lуэгъэгъуэкэр, щэнхабээ зыужьыныгъэр зыгъэнаlуэ къарур гуэрт.

Гулъытэ хэха выставкэм щыхуащlащ Хэку зауэшхуэр Александр сымэ. Абыхэм я lэжьыгъэкэр сурэт къудейкъым, лlэщыгъуэм и напэкlуэщlэр зэlухуэ къэзыгъэлъагъуэ: зэуапlэм щащlа сурэтхэм, къэрэндашдзэ фlамыщlкlэ къагъэщlа этюдхэм къагъэлъагъуэ псэ зэпылъхьэпlэ-гъэунэхуплэмрэ лыгъэмрэ.

Хахуагъэмрэ Хэкум и хъумакlуэхэм хуащl фlыщlэ мыухыжьымрэ хыдолъагъуэ зауэ нэужь лэжьыгъэкэм. Абыхэм дыщеплъкlэ зыхэлъощlэ гуэлапlэ, а lэрыкlэмкlэ щlэблэм уахэхуэмэ теплъэмрэ абыхэм я хахуагъэмрэ.

Тхакlуэ, журналист, тхыльтедзапlэм и унафэщl Котляровэ Марие игу къиlэкlыжащ иджыри нобыкъыщlэу япэ дыдэу мы музейим къыщыщlыхьам абы и гъэтlылъыгъэ къулейр игъэщlэгъауэ зэрыщытар. «Сурэтыщl гъуазджэхэмкlэ музейм щахъумэ лlэщlыгъуэ блэкlахэм щыгъуэ ящlа lэрыкl телъыджэхэр. Музейхэм, библиотекэхэми ещlкlу, щдхъумэр блэкlаракъым, атlэ къэкlуэнуращ, сыту жыпlэмэ абыхэм пщlэ хуэтщlмэщ лъэпкъым гъащlэ щlиэнур. Мыбы щыволъагъу Хэку зауэшхуэм здэщыхэта усакlуэ цlэрыlуэхэу Кlыщокъуэ Алимрэ Кулиев Къайсынрэ я щlалэгъуэ сурэтхэр. Крымшамхалов Хьэмзэт и сурэтыр-щэ?! Iэщъхьэмахуэ лъапэ сыщыкlуэкlэ, Гундэлэн и дежи сыкъыщоувыIэри, абы и «Скорбящий горец» Iадакъэщlэкlым сыбгъэдохьэ. Апхуэдизкlэ гупсысэ куэд къызэщlеубыда а скульптурэми, зэ Iэ дэмылъу сыблэкlысфыркъым. Жыпlэнурамэ, мы Гъэлъэгъуэныгъэм хэлъ дэтхэнэ зы сурэтри гъащlэм и гимнэ «зэхьбох». Дунейм и дахагъэр къыспкlрыхьу фи къэкlуэнум ар хэфхьэну сыхуейщ»...

Гъэлъэгъуэныгъэм епlлыну хуейкэм апхуэдэ lамал гуэщ гъатхэпэм и 22 пщlондэ.

ИСТЭПАН Залинэ.
Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

● Гъэлъэгъуэныгъэхэр

Сурэтыщl гъуазджэмкlэ музейм, Тканенкэ Андрей и цlэр зезыхьэм, гъэлъэгъуэныгъэ гъэщlэгъуэн къыщызэIуахащ, «Героям великих побед посвящается» фlащауэ. Абы утыку къыщрахьа Iэдакъэщlэкlэхэр, къанэ щымыIэу, езы lуэхущlапlэм и гъэтlылъыгъэхэм ящыщщ.

- ПСОМИ дощlэ «Щыlэщ апхуэдэ Iэщlагъэ – Хэкур хъумэн» псэльафэр, ауэ щыlэщ абы нэхърэ мынэхъ мыхьэнэншэ Iэщlагъэ – Хэкум и хъумакlуэхэм зауэм щызэхащlэ гужьеиныр псори гъуазджэм и Iэмалхэмкlэ ди деж къэхьэсыныр. Цlыхубзэхэми къалэн нэхъ мащlэ я пщэ къыдэхуэркъым зауэ зэманым, анэщ, щхьэгъусэщ, шыпхъущи, щlыбагъ быдэщ, - жиlащ зэIущlэр къыщызэIуихым КъБР-м щэнхабзэмкlэ и министр Къумахуэ Мухьдин. – Мы гъэлъэгъуэныгъэр ирихьэпщ, зауэмрэ абы къихь гузэвэгъуэмрэ я дерсщи. Мамырыгъэ дыщремыщlэ зэи, сабийхэр кърехъу узынишэу, губзыгъэу, гужьеигъуэр зищlысхэр ямыщlу.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Парламентым и депутат Бесполов Наталье къыкlэлъыкlуащ ди тхыдэр цlыхухъэхэмрэ текlуэныгъэ зэрыкъулейр, щlэблэщlэр хэкlупсэу гъэсэныкlэ нобэрей lуэхум мыхьэнэшхуэ зэриlэр. Абы гъэлъэгъуэныгъэм кърихьэлlащэр къыхуриджащ гуаздзэ Iадакъэщlэкlэхэм къыткуаIуатэм фlыуэ сеупсыну, Хэкур зыхъумэжэм я lуэху дахэ хъуну зэригугъэпи жиlащ.

Гъэлъэгъуэныгъэм Iэмалыфl къует XVIII-XX лlэщlыгъуэхэм къэрыбдзэу Урысейм и дзэ зэпэщlэщхэр къызэгъэлъагъэ, зэманым и «псэр», тхыдэ lуэгъэгъуэкэр, щэнхабээ зыужьыныгъэр зыгъэнаlуэ къарур гуэрт.

Гулъытэ хэха выставкэм щыхуащlащ Хэку зауэшхуэр Александр сымэ. Абыхэм я lэжьыгъэкэр сурэт къудейкъым, лlэщыгъуэм и напэкlуэщlэр зэlухуэ къэзыгъэлъагъуэ: зэуапlэм щащlа сурэтхэм, къэрэндашдзэ фlамыщlкlэ къагъэщlа этюдхэм къагъэлъагъуэ псэ зэпылъхьэпlэ-гъэунэхуплэмрэ лыгъэмрэ.

Хахуагъэмрэ Хэкум и хъумакlуэхэм хуащl фlыщlэ мыухыжьымрэ хыдолъагъуэ зауэ нэужь лэжьыгъэкэм. Абыхэм дыщеплъкlэ зыхэлъощlэ гуэлапlэ, а lэрыкlэмкlэ щlэблэм уахэхуэмэ теплъэмрэ абыхэм я хахуагъэмрэ.

Тхакlуэ, журналист, тхыльтедзапlэм и унафэщl Котляровэ Марие игу къиlэкlыжащ иджыри нобыкъыщlэу япэ дыдэу мы музейим къыщыщlыхьам абы и гъэтlылъыгъэ къулейр игъэщlэгъауэ зэрыщытар. «Сурэтыщl гъуазджэхэмкlэ музейм щахъумэ лlэщlыгъуэ блэкlахэм щыгъуэ ящlа lэрыкl телъыджэхэр. Музейхэм, библиотекэхэми ещlкlу, щдхъумэр блэкlаракъым, атlэ къэкlуэнуращ, сыту жыпlэмэ абыхэм пщlэ хуэтщlмэщ лъэпкъым гъащlэ щlиэнур. Мыбы щыволъагъу Хэку зауэшхуэм здэщыхэта усакlуэ цlэрыlуэхэу Кlыщокъуэ Алимрэ Кулиев Къайсынрэ я щlалэгъуэ сурэтхэр. Крымшамхалов Хьэмзэт и сурэтыр-щэ?! Iэщъхьэмахуэ лъапэ сыщыкlуэкlэ, Гундэлэн и дежи сыкъыщоувыIэри, абы и «Скорбящий горец» Iадакъэщlэкlым сыбгъэдохьэ. Апхуэдизкlэ гупсысэ куэд къызэщlеубыда а скульптурэми, зэ Iэ дэмылъу сыблэкlысфыркъым. Жыпlэнурамэ, мы Гъэлъэгъуэныгъэм хэлъ дэтхэнэ зы сурэтри гъащlэм и гимнэ «зэхьбох». Дунейм и дахагъэр къыспкlрыхьу фи къэкlуэнум ар хэфхьэну сыхуейщ»...

Гъэлъэгъуэныгъэм епlлыну хуейкэм апхуэдэ lамал гуэщ гъатхэпэм и 22 пщlондэ.

ИСТЭПАН Залинэ.
Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

Гъуазджэм и зэфlэкlыр

КъБР-м и Лъэпкъ музейм ещанэу къыщызэрагъэпэщащ «Гардарика Кавказа» арт-фестивалым хыхьэ гъэлъэгъуэныгъэр. Иджырейр трауухащ Урысейм щыпсэу лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэм.

ЗЭРЫРАГЪАЖЬЭРЭ илъэсик хъу мы lуэхур ди щlыналъэм ещанэу щокlуэкl. Гъэлъэгъуэныгъэм хагъэхьащ иджырей гуэздзкэм и унэтlыныгъэхэм (живопись, графикэ, скульптурэ, ятlэ гъэжьа, декоративно-прикладнойгуэздзкэ) щыщ лэжьыгъэ 200-м щlигъу. Ахэр я Iадакъэ къыщlэкlащ Москва, Санкт-Петербург, Сочэ, Ставрополь, Краснодар, Урысейм и нэгъуэщl къэралхэм щыщ художникхэм. «Гардарика Кавказа» фестивалым егъэбыдэ лъэпкъхэм я щlэхабээ зэпыщlэныгъэхэр, гъуазджэм и иджырей екъулlзэныгъэхэм ущегъэгъуазэ, зэфlэкl зиlэу зи цlэ зэхамыха сурэтыщlхэм я лэжьыгъэхэм гулъытэ щыхуащl. Зи хъэгl, зи дуней еплъыкlэр гупсысэкlэрэ зиlэж художникхэм я лэжьыгъэхэр щыбобгъэу гупсысэкlэрэ абы. Сурэтыщl цlэрыlуэхэу Зэхуэныкъо Валерэ, Ахьмэт Лиуан, Дощырхуей Руэанэ, Галимовэ Наилэ, Аккиэв Керим, Зеленская Юлие, Галинский Ярослав, Хьэщхуэжь Динэ, Жьлэ Къантемыр, Ваннах Михаил сымэ, нэгъуэщlхэми я Iадакъэ къыщlэкlахэри хамэ къэралхэм щыщ художникхэм я лэжьыгъэхэри щыбгъэдэлэпыкъуэ. Мы гъэлъэгъуэныгъэм. Художникхэм я лэжьыгъэхэм щlагъыкъэ я сурэтрэ я гуащlэм теухуа тхыгъэрэ.

- «Гардарика Кавказа» lуэхур къыщыхъуащ 2019-рэ илъэсиц хъуауэ дадолажьэ, - жиlащ КъБР-м и Лъэпкъ музейм и унафэщl Накуэ Феликс. – Выставкэм къызэщlеубыдэ художникхэм ябгъэдэлъ Iэзагъэмрэ я зэфlэкlымрэ. Ди музейм ар къушъхьэгъэпэщащэм фlыщlэ яхуэщl. Гъэлъэгъуэныгъэм къэкlуалlэхэм папщlэ мастер-классхэр, зэIущlэхэр къызэрагъэпэщ. Мы lуэху щхьэпэм иджыри къыпащэну, дяпэкlи зрагъэубгъуну дыщогугъ.

КъБР-м и Лъэпкъ музейм и щыхъ тхыльхэр Накуэ Феликс яритащ фестивалым хэта хьэщlхэм. Нэгъабэ Санкт-Петербург щекlуэкlа «Гардарика Кавказа» фестивалым и щыхъ тхыльхэр хуабгъэфэщащ сурэтыщlхэу Галинский Ярославрэ Тхьэгъэзит Зарэрэ.

КъБР-м и Сурэтыщlхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщl Къаныкъуэ Жаннэ и псалъэм къыхигъэщащ мы выставкэр гъэфэщащ сурэтыщlхэу, ар Урысейм Кавказымрэ я кlалэ куздым зэрыщагъэлъагъуар, иджыри абы зрагъэубгъуну, lуэхур ефlэкlуэну зэригуапэ. Абы щыгъэщащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и сурэтыщlхэм я лэжьыгъэхэр мы lуэхум зэрыхэзгъэгъар, абыхэм гъэлъэгъуэныгъэ къэзыгъэлъагъуэ.

- «Гардарика Кавказа» фестивалыр зи жэрдэмхэм ар къыдэхъуlащ щыналъэм и музейхэм я лэжьакlуэхэр къыддэlэпыкъуати, - жиlащ Гъуазджэм и лэжьакlуэхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщl, фестивалыр къызэзыгъэпэща, искусствовед, эксперт Кириллов Риммэ. – Урысейм и еджапlэ нэхъыщхьэхэм щlэныгъэ щызэзыгъэгъуэта, къэралым и щыналъэ щхьэпэм щыщ художникхэр зэрызэхуэтlэсхэм мыхьэнэшхуэ иlэщ. Фестивалым къыриубыдэу КъБР-м и Сурэтыщlхэм я зэгухьэныгъэм дызэрыдэлажьэм и фыдзэкlэ, республикэм иджыри фlыуэ щымыщlыху сурэтыщlхэм я щlэ зэрыlуар ехъулlэныгъэ къэдгъэлъэгъу. Дэ дыщогугъ фестивалыр зыужьыныгъэм, зэкъуэтыныгъэм, ехъулlэныгъэм я дамыгъэ хуну!

- Выставкэм хэдгъэхьащ 13-м я Iадакъэщlэкlхэр. Налшык и мызакъуэу, мы фестивалыр Май, Прохладнэ къалэхэми щокlуэкl, - жиlащ гъэлъэгъуэныгъэ къызэзыгъэпэщахэм яцыщ Пинижаниновэ Еленэ. – Къызэгъэлъэгъуэныгъэ сыхуейт: Санкт-Петербург щыщ художник Костенко Пётр блэкlа лlэщlыгъуэм и кlэкэм Къэбэрдей-Балъкъэрым къызэрыкlуэ цыхтар икlи академик Залиханов Михаил щыпсэуа, зэрахуэгъэ илъэсищэ хъу абы и унэм зэрыщlар, Залихановым и сурэти зэрищlар. КъБР-м и Лъэпкъ музейм а лэжьыгъэ зы гъэлъэгъуэныгъэкэр Iэмал-лыфlщ. Мыри дэщlыдгъунщ: «Гардарика Кавказа» арт-фестивалым хыхьэ лекцэхэр, мастер-классхэр, пшыхь щlэщыгъуэкэ къызэрагъэпэщынущ.

ТЕКlУЖЬ Заретэ.
Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

● Фlыщlэ

Къалэным хуэпэжхэр

Налшык къалэ Щоджэнцыкlум и цlэр зезыхьэ уэрамым щыплъэр инспекторхэу Хьэмокъуэ Артуррэ Шыдакъ Астемыррэ *(сурэтым)* **гу лъатащ гъуэгубгъум щыт, зыгуэр къызэрыщыщlар къозыгъащlэ макъыр къэзыгъэlу автомашинэм. Абы щыгъэзыхьэм къащlащтранспортым и уздзыгъэхэм ящыщ зыр къызэрымыблэр икlи рулым дэс пщащэр шынагъуэщlэнэу адэкlэ зэрымыкlуэфынур. Полицейхэм лампlэр псынщlэу хуахъуэжщ, гъуэгум пищэж зэрыхъунур жраlэри, ирагъэжьэжащ.**

КЪЭЫКlэПЪЫКlуэ махуэм хъыджэбзым КъБР-м щыlэ МВД-м къитхащ автоинспекторхэм фlыщlэ зэрахуищlыр.

«А пщыхьэщхьэр пшагъуэ lувти, си зы уздзыгъэм фlэкlа къэмылбlэу сызэкlуэныр шынагъуэщ жысlэри сыкъуэныщ. ДПС экипажыр гъуэгугъу щыlэти, къэкlуэри къызздэlэпыкъащ. Фи гуапагъэм, лэжьыгъэмрэ фызэрыхуэпэжымрэ щытыкlэ гугъуи къихутам фызэрыдэlэпыкъымрэ папщlэ фlыщlэ фхузощl!», - къызкlэщащ абы.

Зы махуэ ипэкlэ а экипаж дыдэр гъуэгу-транспорт къэхъукlащlэм ираджат. ДТП-м хэхуахэм я зыми и рулым дэс хъыджэбзыр гужьеяти, полицейхэр абы дэlэпыкъуащ зыгъэпотыдыдэжыныкlэ, lэнкъныгъэр щхьэщыкlыныкlэ, апщlондэхуэзэуэну, къэзыгъэлъагъуэ дэкуи езыхэм къэхъуар псынщlэу ятхащ.

Иужькlэ пщащэм полицэм и лэжьакlуэхэм ятеуухуа фlыщlэ псалъэхэмкlэ зыхуигъэзащ КъБР-м щыlэ МВД-м.

«Сэ япэу сыхэхуат гъуэгу-транспорт къэхъукlащlэм, lэнкъун сыхъуати, сщlэнури къызгурыIуэртэкъым. Автоинспекторхэм щытыкlэ гугъуым сыкърашащ, зызгъэхуэбжьыну я машинэм сригъэтlысхьащ. Зыхуеину дэфтэхэр ятха ноужь, лэжьакlуэхэм чэнджащ къызэтащ адэкlэ сщlэн хуейкэм ехьэлlауэ. Фыпсэу яжызоlэ, КъБР-м и щlэныгъэ и цlыхухъэсащ щlэныгъэкlэ доктору, кандидату щыху 50-м я сурэтрэ я гъащlэм теухуа тхыгъэрэ. Егъэджэныгъэм, медицинэм, космосым, математикэм, микроэлектроникэм, нэгъуэщl куздым хэзгъэпсащ щlэныгъэлlхэм я къухьэпи.

Щlэныгъэм и мыкъэнэр зэрыныбжьыкlэхэм я махуэм зэрыщlэныгъэр екlуэкlынущ мазаем и 12 пщlондэ.

ГЪУЭТ Синэ.

«Щlэныгъэм и цlыхухэр»

Щlэныгъэм и махуэм ирихьэлlэу Бахъсэн районым къыщыхъуащ «Щlэныгъэм и цlыхухэр» («Лица науки») сурэт гъэлъэгъуэныгъэр. Ар къыщызригъэпэщащ щыналъэм и тхыдэ-лъахэхутэ музейим. Районым щыщ щlэныгъэлlхэм трауха зэхьэзэхэм къекlуэлlащ нэхъыжьхэри щlалэгъуалэри.

ГЪЭЛЪЭГЪУЭНЫГЪЭМ щызэхуэхьэсащ щlэныгъэлlхэ доктору, кандидату щыху 50-м я сурэтрэ я гъащlэм теухуа тхыгъэрэ. Егъэджэныгъэм, медицинэм, космосым, математикэм, микроэлектроникэм, нэгъуэщl куздым хэзгъэпсащ щlэныгъэлlхэм я къухьэпи.

Щlэныгъэм и мыкъэнэр зэрыныбжьыкlэхэм я махуэм зэрыщlэныгъэр екlуэкlынущ мазаем и 12 пщlондэ.

ГЪУЭТ Синэ.

Редактор нэхъыщхьэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч

РЕДКОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР:

Жьэкlэмыхъу Маринэ *(унафэщl-редактор)*, **Ширдий Маринэ** *(унафэщl-редактор)*, **Къаншокъуэ Эллэ** *(жэуап зыхь секретарь)*, **Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, Нэщlэпыджэ Замирэ, Чэрим Мариннэ, Щхьэщэмыщl Изэ.**

ТЕЛЕФОНХЭР:

редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщl-редакторхэм 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-75-78; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкlэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Iуэхухэмкlэ - 42-22-86; къуажэ гъащlэмрэ экономикэмкlэ - 42-57-59; щэнхабзэмкlэ - 42-75-36; егъэджэныгъэмрэ щlэныгъэмкlэ - 40-15-31; хъыбарыщlэхэмрэ спортымкlэ - 42-22-88, 42-22-89; хабзэхъумэ Iэнатlэхэм ядэлэжьэныкlэ - 42-60-53; корректорхэм - 42-22-66; компьютер Iэнатlэм - 42-26-41; сурэттеххэм - 42-63-64.

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкlэ Къэбэрдей-Балъкъэр щlыналъэ Iуэхущlапlэм ятхащ ПИ № ТУ07-00117-м щlэту.

Къыдэзыгъэкlэхэмэ редакцэмрэ я хэщlапlэр: 360030, КъБР, Налшык къалэ, Ленинным и уэрам, 5

Индексыр П 5894
Тиражыр 1.245
Заказыр №235

12+

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщалэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъэмкlэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкlэр зэтехуэ зэпыту щыт-къым.

МЫ КЪЫДЭКlЫГЪУЭМ ЕлЭЖЬАХЭЩ:

жэуап зыхь секретарь **Къаншокъуэ Эллэ**, *корректорхэу* **Щоджэн Иннэ** *(2, 3-нэ нап.)*, **Нэужькоъуэ Заирэ** *(1, 4-нэ нап.)*.

Компьютеркlэ газетым и тепльэр ящlащ **Дол Маринэ, Мэлбахъуэ Анжелэ.**

Сурэтхэм елэжьар **Бицу Жанэщ.**

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытыпадзащ.

357600, Ставрополь край, Есэнтlыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Газетым Iэ тралэзн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 18-рщ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокlи.